



SAW TA DWE KONNEN KONSÈNAN LARAJ

Laraj se yon maladi viral ki ka lakòz lanmò.
LI KA EVITE, MEN LI PA TRETE.
Viris la atake sèvo bêt ki gen san cho.
Li atake moun tou.

Kouman laraj gaye?

Lè yon bêt trape maladi laraj, virus la epapiye nan saliv la epi li ka transmèt sou yon lòt bêt oswa sou yon moun, anjeneral lè bêt ki gen maladi a mode. Transmisyon an kapab fêt tou si saliv sa a oswa tisi nève bêt la antre nan maleng ki pa fèmen, nan bouch, nan nen oswa nan zye lòt bêt oswa moun.

Kouman bêt ki anraje ye?

Bêt ki anraje ka gen konpòtman etranj—yo ka agresif, yo ka atake san yon vrè rezon, oswa yo ka aji trè dosil (sitou bêt sovaj yo). Yo ka pa anmezi pou manje, bwè oswa vale. Yo ka bave paske yo gen pwoblèm pou yo vale. Yo ka kilbite oswa yo ka vin paralize. Maladi laraj ap touye pifò bêt.



Ki bêt yo rapòte ki anraje nan eta Florid?

Yo rapòte ti rat yo pi souvan. Apre yo se chovsouri ak rena. Depi ane 1980 yo, yo te rapòte chat anraje pi souvan pase chen ki anraje. Yo rapòte tou lenks-wou, moufèt, lout, cheval, boven ak firèt.

Kisa pou mwen fè si yon bêt mode m?

- Fwote blesi a imedyatman avèk anpil savon ak dlo tiyo pandan senk a dis minit.
- Eseye konnen yon deskripsyon bêt la okonplè epi detèmine kote li ye pou yon ekip kontwòl bêt ka pran li pou mete li nan izòlman oswa pou fè tès laraj sou li.
- Ale nan klinik doktè fanmi ou oswa nan sal-dijans ki toupre w la.
- Rele depatman sante konte kote w ap viv la oswa biwo kontwòl bêt. Bay deskripsyon ak pozisyon bêt la. Bêt la ap swa izole pandan dis jou (si se yon chen, chat oswa firèt) oswa y ap teste li pou konnen si li gen maladi laraj.
- Si w touye bêt la, pran prekosyon pou pa domaje tèt la, epi pa pran kontak ak bêt la ankò menm lè li fin mouri.



Kisa pou mwen fè pou pwoteje tèt mwen, fanmi mwen ak bêt nan kay mwen kont maladi laraj?

- Fè yon veterinè vaksinen tout chen, chat, firèt ak cheval kont maladi laraj, epi asire ou swiv enstwiksyon veterinè a pou vaksinasyon.
- Pa pran kontak avèk bêt sovaj oswa bêt ki pèdi.
- Pa janm nourri bêt sovaj oswa bêt ki pèdi—pa atire yo avèk sous manje deyò (tankou fatra ki pa kouvri). Bay bêt ou manje andedan kay.
- Pa kite bêt ou lage. Swiv lwa pou mare bêt yo. Pou fè sa, kite bêt nan kay ou ak betay ou fèmen nan pwopriyete ou.
- Sipòte kontwòl bêt nan kominate ou.
- Si yon bêt sovaj, yon bêt pèdi oswa yon bêt ki pa vaksinen atake bêt ou, PA egzamine bêt nan kay ou pou blesi san w pa mete gan. Lave bêt ou avèk savon ak dlo pou retire saliv ki sòti nan bêt ki atake li a. Pa kite bêt ou pran kontak avèk lòt bêt oswa moun jous lè ekip kontwòl bêt oswa ekip depatman sante konte a ka fè fas ak sitiyasyon an.

(850) 245-4401

www.floridahealth.gov/diseases-and-conditions/rabies/index.html

